



Kijan pou Antre nan yon Odyans a Distans OATH avèk Videyokonferans WebEx

Nan moman an, pwosedi jidisyè OATH yo ap fèt pa videyokonferans. Lè gen yon konferans oswa yon pwosè OATH ki pwograme, pati yo ap resevwa envitasyon pou odyans a distans la pa imèl oswa, nan sèten ka, pa avi ekri. Pèsonèl OATH la ap voye yon "WebEx Meeting Invitation" (Envitasyon pou Reyinyon sou WebEx) alavans konferans oswa pwosè a pou dat ak lè ki pwograme yo. Men sa envitasyon an ap sanble:

Jessica Haley invites you to join this Webex meeting.

Meeting number (access code): 713 987 045
Meeting password: jjQigqmG733

Friday, April 10, 2020
11:00 am | (UTC-04:00) Eastern Time (US & Canada) | 1 hr

Join meeting

Join by phone
Tap to call in from a mobile device (attendees only)
[+1-408-418-9388](tel:+14084189388) United States Toll
[+1-646-992-2010](tel:+16469922010) United States Toll (New York City)
[Global call-in numbers](#)

Join from a video system or application
Dial [713987045](tel:713987045)@nyc-oath.webex.com
You can also dial 173.243.268 and enter your meeting number.

Join using Microsoft Lync or Microsoft Skype for Business
Dial [713987045](tel:713987045).nyc-oath@lync.webex.com

Ou ka antre nan pwosedi jidisyè a pa videyo apati de yon òdinatè/laptòp, de yon telefòn entelijan, oswa de yon tablèt (ki gen kamera, mikwo, ak opalè oswa kas) gras a pwogram gratis WebEx la. Si ou pa gen aparèy ki gen kamera videyo, ou kapab antre nan odyans la pa telefòn. Pou telechaje aplikasyon WebEx la alamen, oswa pou teste ekipman w lan ak koneksyon w yo, gade paj ki vini apre a pou jwenn enstriksyon yo.

Kijan pou antre nan konferans oswa nan pwosè OATH ou a:

- Ou pa bezwen kreye kont WebEx pou w antre nan pwosedi jidisyè OATH la sou WebEx.
- Si se premye fwa w ap antre nan yon reyinyon WebEx, ouvè envitasyon ou te resevwa pa imèl la, klike sou bouton vèt "Join meeting" nan (Antre nan reyinyon an). WebEx ap otomatikman telechaje aplikasyon an.
- Si WebEx deja enstale sou aparèy ou a, klike sou bouton vèt "Join meeting" nan (Antre nan reyinyon an).

Kijan pou w antre nan yon reyinyon videyo sou WebEx san ou pa enstale aplikasyon WebEx la:

- Si ou pa vle enstale WebEx, ou ka antre nan yon reyinyon videyo apati de paj dakèy WebEx la. Apati de navigatè entènèt ou a, tape <https://www.webex.com>, klike sou "Join" (Antre) nan kwen anwo adwat paj dakèy WebEx la. Tape ni "**Meeting number**" a (**Nimewo reyinyon an**) (kòd pou antre a) ni "**Password**" la (**Modèpas la**) ki nan envitasyon pou reyinyon WebEx la.

Kijan pou antre nan yon reyinyon WebEx pa telefòn san videyo:

- Apati de telefòn ou, konpoze nenpòt nan nimewo ki gratis pou Etazini yo ki nan opsyon "**Join by Phone**" (**Patisipe pa telefòn**) ki nan envitasyon w lan pou reyinyon an (gade paj 1). Suiv enstriksyon yo epi tape "**meeting number**" (**nimewo reyinyon**) (kòd pou antre) 9 oswa 10 chif la epi peze bouton nimewo a.

- Nimewo idantifikasyon patisipan an disponib sèlman nan pati wèb WebEx la. Si ou pa konn nimewo idantifikasyon patisipan w lan, peze bouton nimewo a pou antre nan reyinyon an.

Kijan pou enstale WebEx sou yon òdinatè/laptòp, yon telefòn entelijan, oswa yon tablèt


Si WebEx poko enstale sou aparèy ou a, ou ka telechaje aplikasyon WebEx Meetings nan alamen.

- *Pou enstale WebEx sou òdinatè/laptòp ou:* Apati de navigatè entènèt ou a, ale sou <https://www.webex.com/downloads.html>. Klike sou bouton ble "Download for Windows" (Telechaje pou Windows) oswa "Download for OSX" (Telechaje pou OSX) sou bò gòch ekran an, anba antèt "WebEx Meetings" la (se pa antèt "WebEx Teams" ki sou bò dwat la).
- *Pou enstale WebEx sou yon telefòn entelijan oswa yon tablèt:* Ale nan magazen aplikasyon ki sou aparèy ou a ("App Store" sou iPhone, "Google Play" sou telefòn Android), chèche aplikasyon gratis "Cisco Webex Meetings" nan, epi peze bouton "download" la (telechaje) oswa "get" la (jwenn).
- Klike sou fichye pou enstale a, .msi (Windows) oswa .dmb (Mac), lanse enstalasyon an, epi suiv enstriksyon ki sou ekran an. Enstalasyon an gen dwa pran kèk minit, epi yo gen dwa mande ou konfime. Lè enstalasyon an fini, tape non ou, adrès imèl ou, epi klike sou Next (Kontinye).

Kijan pou teste koneksyon w lan anvan reyinyon WebEx la:

- Ou dwe teste ekipman w lan ak koneksyon w yo anvan odyans ki pwograme a. Ou ka verifye koneksyon mikwo/vidyo/odyo ou alavans kou w resevwa Avi Odyans ou a <https://help.webex.com/en-us/nti2f6w/Webex-Meetings-Join-a-Test-Meeting>.

Chwazi Odyo: Pou koneksyon odyo a, chwazi "Use Computer audio" (Sèvi ak son òdinatè a) (se defo a) oswa "Call-in" (Rele). Ou ka sèvi ak yon kas odyo pou òdinatè oswa ak opalè/mikwo òdinatè a. Pou "Call in" (Rele), sou telefòn ou, konpoze nenpòt nan nimewo gratis pou Etazini yo, suiv enstriksyon yo, tape "**meeting access code**" (**kòd pou antre nan reyinyon an**), ak "**attendee ID number**" (**nimewo idantifikasyon patisipan an**). Si w ap rele reyinyon an apati de andeyò Etazini, chwazi "Show all global call-in numbers" (Montre tout nimewo entènasyonal yo) nan lis pou dewoule a, epi chwazi nimewo kote ou ye a.



Ou bezwen èd?

- Pou jwenn plis èd oswa pou poze kesyon sou odyans a distans Divizyon Pwosè pa WebEx yo, tanpri kontakte òganizatè reyinyon an, veye yon imèl ou pèsònèl Asistans Administratif OATH la nan ALJAdminassist@oath.nyc.gov, oswa rele (347) 909-1118.